



AVÈTISMAN POU BOUYI DLO POU ETABLISMAN RESTORASYON YO

Pou etablisman restorasyon w rete ouvè alòske analiz dlo yo montre dlo potab ou gendwa kontamine, ou dwe poze tout aksyon ki vin apre yo.

MACHIN GLAS: *Nou pa dwe itilize okenn machin glas ki dirèkteman konekte ak sistèm dlo a. Etenn machin nan, netwaye l, dezenfekte l epi kite l etenn jiskaske dlo a vin bon ankò.*

MACHIN SODA: *Nou pa dwe itilize okenn machin glas ki dirèkteman konekte ak sistèm dlo a. Etenn machin nan, netwaye l, dezenfekte l epi kite l etenn jiskaske pwoblèm nan regle. **Se soda nan boutèy/nan mamit sèlman nou ka vann.***

MACHIN KAFE: *Nou ka itilize machin kafe ki dirèkteman konekte ak sistèm dlo a sèlman si dlo a rive nan tanperati kote l bouyi a pou yon (1) minit. Si nou pa konnen nan ki tanperati dlo a rive, se pou nou itilize dlo nan boutèy oswa dlo ki gentan bouyi deja.*

DEZENFEKSYON NAN YON LAVABO KI GEN 3 KIVÈT/DEZENFEKSYON SOU PLAS: *Nou ka fè lavaj, rensaj ak dezenfeksyon nòmal la nan yon lavabo ki gen twa (3) kivèt, depi konsantrasyon dezenfektan yo (klò, yòd, amonyòm kwatènè) nan bon nivo a. Nivo yo se 50 a 100 pati pa milyon (ppm) klò, 200 ppm amonyòm kwatènè ak 12,5 ppm yòd.*

LAVAJ OTOMATIK: *Nou ka kontinye itilize ni machin otomatik ki dezenfekte veso yo ak klò, ni machin ki sèvi ak dlo cho pou dezenfekte veso yo. Ni savon ki mache ak dlo cho, ni dezenfektan ap byen touye tout mikwòb yo. Nou dwe kite veso yo seche nan lè a.*

FÈ MANJE: *Nou ka itilize dlo ki soti nan tiyo si pwodui nou pral kuit la ap bouyi pou omwen yon (1) minit. Si pwodui a p ap bouyi, pa egzanp si se anba fou nou mete l, se dlo nan boutèy pou nou itilize.*

LAVAJ MEN: *Nou ka lave men nou nòmalman avèk dlo cho ki soti nan tiyo ak savon. Pou kounye a, nou rekòmande nou itilize savon ki genyen bakterisid.*

FLITÈ POU LEGIM AK PWASON/KOKIYAJ: *Nou dwe etenn flitè ki rete nan menm plas yo ak machin ki flite dlo sou pwodui yo pou yo rete fre, nou dwe netwaye yo e nou dwe dezenfekte yo. Nou pa ka itilize aparèy sa yo pandan avètisman pou bouyi dlo a toujou anvigè.*

***NÒT: NOU DWE BOUYI DLO POU BWÈ A OSWA POU FÈ MANJE A POU YON (1) MINIT, OUBYEN ETABLISMAN AN DWE ITILIZE DLO NAN BOUTÈY KI SOTI NAN YON KONPAYI KI APWOUVE. GLAS LA DWE SOTI NAN YON SOUS KI APWOUVE TOU. NOU PA DWE ITILIZE OKENN PWODUI CHIMIK POU DEZENFEKTE YON DLO NOU PRAL ITILIZE POU FÈ MANJE OSWA POU BWÈ. NOU PA DWE ITILIZE FILT PASKE YO PA PRAL DEZENFEKTE DLO A.**

